

PREFERANS NESANS YO

Mèsi paske w chwazi Capital Health pou Swen Matènite w yo!

Pandan w ap prepare w pou kontraksyon iteris la ak akouchman an, nou vle mete w okouran de sèvis regilye nou ofri yo epi ki disponib pou ou nan Capital Health. Sòti nan Admisyon an pou rive nan Egzeyat la, ou menm ak sipò w yo ap patisipe nan reyinyon Akouchman an Ekip la (TeamBirth) avèk founisè swen sante w yo. Regwoupman sa yo pèmèt yo pran yon desizyon ki pataje pou asire preferans ou yo respekte epi yo pran an konsiderasyon pandan elaborasyon plan swen w lan. Nou ankouraje w revize plan sa a avèk founisè w la ak ekip lopital ou a lè w rive.

Nou apresye preferans nesans ou an epi nou ankouraje w travay an ekip pou w kenbe objektif ou yo pandan w ap asire yon akouchman ki sekirite epi sèten. Akouchman an ka fèt bridsoukou, epi si gen bezwen medikal ki vini, n ap reyini, diskite sou posibilite yo avèk ou epi pran desizyon yo ansanm. Objektif komen nou se bay swen ki sèten, avèk respè epi swen ki santre sou pasyan an pou ou menm ak ti bebe w la.

Ekip Mwen an:

Mwen: _____

Moun k ap Sipòte m yo: _____

Non founisè a (yo): _____

Non founisè ti bebe a (yo): _____

Preferans mwen nan Sa Ki Konsènen Kontraksyon Iteris la:

(koche sa ki pi enpòtan pou ou yo)

- ☐ M ta renmen lib pou m fè deplase epi mache pandan kontraksyon iteris la.
- ☐ M t ap renmen gen sijesyon sou divès pozisyon pou adopte pandan moman kontraksyon iteris la pou favorize konfò ak pwogresyon.
- ☐ M ta renmen gen yon siveyans san fil ak/oubyen pa entèmitans pandan kontraksyon iteris la.
- ☐ Mwen dakò yo enjekte likid nan venn mwen sèlman si doktè di sa nesesè. Sinon, m ta renmen bwè likid pito. Mwen konprann m ap genyen yon katetè ak tiyo, ki bay aksè ak venn yo san likid yo pa koule tout tan.
- ☐ Lòt: _____

M ka Bezwen Eseye Mezi Konfò ak Adaptasyon sa yo:

Mezi Konfò ak Adaptasyon ki pa Medikal

(koche sa ki pi enpòtan pou ou yo)

- ☐ Balon Akouchman
- ☐ Chèz CUB pou Akouchman
- ☐ Balon an Fòm Pistach
- ☐ Baton pou Akwoupi

- ☐ Yon douch oubyen yon beny cho pandan kontraksyon iteris la. Mwen konprann li enpòtan pou pran yon beny sèlman nan premye etap kontraksyon iteris la, men se pa pandan akouchman an.
- ☐ Teknik detant ak respirasyon
- ☐ Teknik masaj oubyen presyon pou soulaje kontraksyon
- ☐ Konprès Cho/Frèt (*antoure youn oubyen tou de*)
- ☐ Mizik dous
- ☐ Awomaterapi/luil esansyèl (*pa ezite pote sa w genyen yo*)
- ☐ Lòt: _____

Opsyon Anestezi/Tretman Doulè

- ☐ M pa vle yo pwopoze m yon anestezi peridiral pandan kontraksyon iteris la sof si m mande l prezizeman.
- ☐ Mwen ta renmen pran yon anestezi peridiral. (*Tanpri diskite sou opsyon yo ak mwen.*)
- ☐ M pa konnen si m bezwen anestezi. (*Tanpri diskite sou opsyon yo ak mwen.*)
- ☐ Oksid Azòt ☐ Medikaman Kont Doulè IV

Preferans Nesans Mwen:

- ☐ Mwen ta renmen gen 2 moun sa yo avèk mwen pandan akouchman an: _____
- ☐ Mwen planifye pou m fè apèl ak yon fanm saj, non l se: _____
- ☐ Mwen te pran dispozisyon davans pou konsève san nan kòd lonbrik la avèk konpanyi sa a: _____

kontinye

Pou yon Akouchman Vajinal, koche eleman ki PI enpòtan pou ou yo, paske nou rekòmande w eleman ki vin an apre yo

- ☐ Itilize yon miwa pou m wè bebe m nan pandan l ap fèt la.
- ☐ Pou moun k ap soutni m nan patisipe yon fason aktif nan faz kote m ap pouse bebe a.
- ☐ Pou chanm mwen an gen yon gran kalm.
- ☐ Pou limyè fè yon ti redwi.
- ☐ Mande yon moun ou fè konfyans pou pran foto akouchman an; nou konprann li pa posib pou pran videyo.
- ☐ Lòt: _____

Pandan akouchman an, yo jeneralman bay swen sa yo pandan y ap konsidere bezwen ti bebe a; koche sa ki PI enpòtan pou ou yo

- ☐ Pou bebe m nan plase dirèkteman sou pwatrin mwen aprè akouchman an, paske sa favorize lyen afektif yo.
- ☐ Pou ralanti blokaj kòd lonbrik la, pou favorize sante jeneral bebe a.
- ☐ Pou moun mwen fè konfyans lan koupe kòd lonbrik lan.
- ☐ Kòmanse bay bebe a tete imedyatman aprè akouchman an.
- ☐ Lòt: _____

Pou yon Sezaryèn planifye oubyen nan ka akouchman Sezaryèn sanzatann, m t ap prefere

- ☐ Ralanti blokaj kòd lonbrik la si sa nesesè.
- ☐ Yon kontak kò ak kò sou plas nan OR (Sal Operasyon an), si li aksesib.
- ☐ Konsilte bebe m nan avan yo ba l medikaman yo.
- ☐ Moun mwen fè konfyans pou kenbe bebe m nan oubyen fè kontak kò ak kò avèk li aprè akouchman an si m pa ka fè l.
- ☐ Lòt: _____

Plan Swen pou Bebe a:

Yo rekòmande medikaman estanda sa yo pou bebe a. Operasyon sa yo sekirite epi efikas pou favorize sante bebe w la. Enfimyè w la diskite avèk ou avan l fè administrasyon an.

- ☐ Vaksen Epatit B, pou pwoteje w kont enfeksyon.
- ☐ Enjeksyon vitamin K; pou ede anpeche emoraji grav lakay timoun ki fenk fèt yo.
- ☐ Pomad Erythromycin pou je, pou pwoteje l kont enfeksyon.

Nouri bebe a

- ☐ M gen entansyon fè alètman oubyen tire lèt mwen an nèt, sa yo rekòmande pandan pou pi piti 6 mwa.
- ☐ Moun ki a bay lèt nan tete yo: Li rekòmande si bebe a bezwen yon ti lèt an plis pandan w ap ranfòse rezèv lèt ou a.
- ☐ M gen entansyon itilize lèt an poud sèlman.
- ☐ Alimantasyon konbine (alètman ak lèt an poud)

Lòt pwosedi

- ☐ Si bebe m nan se yon gason, m t ap renmen pou l sikonsi nan lopital nan men yon jinekolog obstetrisyen (OB).
- ☐ M ta renmen pou se mwen ki bay bebe m nan premye beny li.
- ☐ Lòt demann pou bebe a: _____

Preferans pou Sejou nou yo:

Si gen demann espesyal oubyen preferans pou ou menm oubyen bebe w la nan sa ki konsène swen, pwonon, konsiderasyon kiltirèl oubyen relijye, tanpri note yo la.



capitahealth

MATERNITY SERVICES